



O Bondye, Mèt nou, ou merite pou ou resevwa lwanj, respè ak pouwwa. Se ou menm ki fè tout bagay. Si yo la, si yo gen lavi, se paske ou vle l'. (Rev 4:11)

Tab de Matyè

<i>Glorifye Bondye-</i>	-	-	-	-	-	-	-	-	-	<i>-Paj 5</i>
<i>Sistèm Solè a-</i>	-	-	-	-	-	-	-	-	-	<i>-Paj 14</i>
<i>Kò Imen an--</i>	-	-	-	-	-	-	-	-	-	<i>-Paj 20</i>
<i>Pechè--</i>	-	-	-	-	-	-	-	-	-	<i>-Paj 27</i>
<i>Kilès Jezi di ke li ye ?-</i>	-	-	-	-	-	-	-	-	-	<i>-Paj 39</i>

1

Nan Revelasyon 5:11-13, Jan ekri :

« Mwen gade ankò, mwen tande vwa yon bann zanj: Yo te tèlman anpil, moun pa t' kapab konte yo. Yo te kanpe fè wonn kote fòtèy la te ye a ansanm ak bèt vivan yo ak granmoun yo. Zanj yo t'ap chante byen fò: **Ti Mouton yo te touye a merite vre pou yo ba l' pouvwa, richès, bon konprann ak fòs, respè, onè ak lwanj.** Apre sa, mwen tande tout kreyati Bondye yo nan sièl la, sou latè, anba tè a, nan lanmè, yo tout yo t'ap chante: **Lwanj, respè, pouvwa, otorite pou Moun ki chita sou fòtèy la, ak pou ti Mouton an pou tout tan.** »

« Je regardai, et j'entendis la voix de beaucoup d'anges autour du trône et des êtres vivants et des vieillards, et leur nombre était des myriades de myriades et des milliers de milliers. Ils disaient d'une voix forte: **L'agneau qui a été immolé est digne de recevoir la puissance, la richesse, la sagesse, la force, l'honneur, la gloire, et la louange.** Et toutes les créatures qui sont dans le ciel, sur la terre, sous la terre, sur la mer, et tout ce qui s'y trouve, je les entendis qui disaient: **A celui qui est assis sur le trône, et à l'agneau, soient la louange, l'honneur, la gloire, et la force, aux siècles des siècles!** »

An nou gade sa Bondye di nan **Ezayi 42:8**

« Se mwen menm ki Seyè a, se konsa yo rele m'. **Mwen p'ap bay yon lòt bondye pouvwa mwen an.** Mwen p'ap kite yo bay zidòl yo lwanj ki pou mwen an. »

« Je suis l'Éternel, c'est là mon nom; **Et je ne donnerai pas ma gloire à un autre, Ni mon honneur aux idoles.** »

Nan **Ezayi 48:11**, Bondye di :

« Se poutèt mwen, poutèt mwen menm ase, mwen fè sa m' fè a. Eske m' ka kite yo derespekte non mwen? **Mwen p'ap kite yon lòt resevwa lwanj ki pou mwen an!** »

« C'est pour l'amour de moi, pour l'amour de moi, que je veux agir; Car comment

mon nom serait-il profané? Je ne donnerai pas ma gloire à un autre. »

Zafè glwa Bondye a, se bagay serye sa ye. Pawòl Bondye a montre nou ke Bondye pa jwe avèk glwa Li ; konsa, glorifye Bondye sipoze yon bagay ki enpòtan pou kretyen.

Glorifye Bondye


Pou anpil moun, lè yo tande glorifye osinon bay Bondye glwa, premye bagay ki vin nan tèt yo, se chante. Chante se yonn nan jan ou kapab bay Bondye glwa, men se pa sa ki pi enpòtan an. Anpil fwa, nan sèvis yo, nou ankouraje moun pou yo bat men yo, pou yo chante pi fò. Se byen sa, men se pa tout bagay la sa. Yon moun gen dwa louvri tout gagann li pou li chante, men Bondye pa jwenn glwa nan chante a.

Yon moun pa kapab sèvi Bondye jan ke li vle; yon moun pa kapab adore Bondye jan ke li vle. Bondye genyen jan ke Li menm Li vle pou sèvis li yo fèt. Nan **Egzòd 28**, nou jwenn ke Bondye te bay jan ke prèt kap vin prezante devan Li yo te dwe abiye. David te vle bati yon tanp pou Bondye; sa montre nou jan David te devwe ak Bondye, men Bondye pat asepte pou david te fè sa. Men se pitit David la ke Bondye te asepte pou bati tanp lan. Lè pou moyiz te bati tant lan, Bondye te fè li konnen egzakteman jan ke li te dwe bati li.

« W'a fè tant lan ak tout bagay ki pou ale ladan l', dapre modèl mwen pral ba ou a. y'a pran bwa zakasya, y'a fè yon gwo bwat. Bwat la va mezire twa pye nèf pous longè, de pye twa pous lajè, de pye twa pous wotè. W'a kouvri l' nèt, anndan kou deyò, ak pi bon klas lò ki genyen. Epi w'a mete yon bòdi an lò fè wonn li. W'a fonn lò a fè kat gwo bag tou won. W'a moute yonn sou chak kwen bwat la, de chak bò. W'a pran de jenn poto zakasya, w'a kouvri yo nèt ak lò. W'a pase poto yo nan twou bag yo, sou de bò bwat la. Poto sa yo va sèvi manch pou pote bwat la. Se pou poto yo toujou rete nan bag yo, san yo pa janm wete yo. Mwen pral ba ou de ròch plat ki va sèvi pou nou toujou chonje m'. W'a mete yo nan bwat la. W'a pran pi bon lò ki genyen, w'a fè yon kouvèti pou bwat la. L'a mezire twa pye nèf pous longè sou de pye twa pous lajè. » (Egzòd 25:9-17)

« W'a fè yon rido ak bon twal koulè ble, violèt ak wouj ansanm ak twal fen blan tise byen sere. y'a bwode bèl pòtre zanj cheriben byen fèt sou tout rido a. W'a pann rido a sou kat poto an bwa zakasya. Poto yo va kouvri ak lò. y'a gen kwòk an lò moute sou yo. y'a chita sou kat sipò an ajan. Mete rido a anba kwòk ki nan twati tant lan. W'a mete Bwat Kontra a deyò rido a. Rido a va separe kote ki apa apa nèt pou Bondye sèlman an ak rès tant Bondye a. W'a mete kouvèti a sou Bwat Kontra ki nan kote ki apa apa nèt pou Bondye a. W'a mete tab la pa deyò rido a. Mete gwo lanp sèt branch lan sou bò sid tant lan, an fas tab la. Tab la menm va sou bò nò a. Konsa tou, w'a fè yon rido an bon twal ble, violèt ak wouj ansanm ak twal fen blan tise byen

sere. Rido a va sèvi pou fèmèn kote yo pase pou antre nan tant lan. y'a fè bèl bodri sou tout rido a. Pou kenbe rido a, w'a fè senk poto an bwa zakasya, w'a kouvri yo ak lò, w'a moute ti kwòk an lò sou yo. y'a chita sou senk sipò an kwiv. » (Egzòd 25:9-17)



Ou pa kapab fè anyen pou Bondye jan ke ou menm, ou vle fè li; Bondye bay egzakteman jan ke nou dwe sèvi Li, jan ke nou dwe prezante devan Li, jan ke nou dwe glorifye Non Li.

Nan zafè glorifye Bondye a, genyen kat (4) bagay ki enpòtan anpil, se:

1. Apresyasyon, (Valè)
2. Adorasyon
3. Afeksyon (Lanmou)
4. Soumisyon

Apresyasyon

Glorifye bondye se mete Bondye nan plas Li, kote ke Li pi gran ke tout bagay ki egziste. Ou bezwen apresye grandè Bondye. Pa genyen pèsonn ki kapab konpare ak Bondye. Nou pa genyen langaj pou nou ta kapab esplike jan ke Bondye gran. Menm si nou ta pran tout pye bwa ki sou tè a pou sèvi plim epi nou ta pran tout dlo ki nan lanmè a pou sèvi lank plim, sa pap ase pou nou ta esprime jan ke Bondye gran. Lè ou gade tout bagay ke Bondye kreye tankou solèy la, lalin nan, zetwal yo, tè a ak tout bagay ki ladan li, ou kapab wè ke pa genyen pèsonn, ni okenn mwayen pou nou kapab esplike Bondye sa a, pou nou kapab dekri Li, pou nou kapab konprann Li.

Nan **Sòm 92:8**, nou li:

« *Men ou menm, Seyè, ou se Bondye nan syèl la. Ou la pou tout tan.* »

« *Mais toi, **tu es le Très Haut**, A perpétuité, ô Éternel!* »

Nan **Sòm 97:9**, nou li:

« *Seyè ki gen tout pouvwa, se ou menm ki sèl chèf sou tout latè, W'ap dominen sou tout bondye yo.* »

« *Car toi, Éternel! **tu es le Très Haut** sur toute la terre, Tu es souverainement élevé au-dessus de tous les dieux.* »

Nou glorifye Bondye lè nou admire Li, admire kalite Li yo, admire bagay ke li fè yo. David ekri:

« *Lè m'ap gade syèl ou fè ak men ou lan, lalin ak zetwal ou mete ladan li, m'ap mande: -Kisa lèzòm ye pou ou chonje yo konsa? Kisa yo ye menm pou ou pran ka yo konsa? » (Sòm 8:3-4)*

Adorasyon

Adore Bondye se desann ou devan Li pou ou fè lwanj Li. Se pa sèlman desann ou fizikman tankou mete ou ajenou osinon mete tèt ou atè, men ou bezwen desann ou nan fon kè ou. Ou bezwen reyalize ke ou pa anyen devan Bondye e ou pa genyen okenn bagay ke Li bezwen pou ou ta ofri Li. Si ou kapab prezante ou devan Bondye, se pa paske ou merite sa osinon ou genyen yon bagay ki valab pou ou ofri. nan **Sòm 29:2**, nou li:

« Fè lwanj non Seyè ki gen pouvwa a! Adore Seyè a nan bèl kay ki apa pou li a! »;
*« Rendez à l'Éternel gloire pour son nom! **Prosternez-vous devant l'Éternel avec des ornements sacrés!** »*

Nan liv Neemi an, nou jwenn ke Esdras te pran liv lalwa Seyè pou li te li pou pèp la. Nan **Neemi 8:6-7**, nou li:

« Kote Esdras te kanpe byen wo sou lestrad la, li louvri liv la devan tout moun. Lè sa a, tout pèp la leve kanpe. Esdras di: -Lwanj pou Seyè a, Bondye ki gen pouvwa a. Tout pèp la leve men yo anlè, yo reponn: -Amèn! Li merite sa vre! Lèfini, yo mete ajenou, yo bese tèt yo jouk atè devan Seyè a. »

Anplis, ou pa kapab adore Bondye jan ke ou prefere, men se jan ke Bondye vle li a. Nan liv Levitik nou jwenn yon bagay ki te pase.

« Yon jou, de nan pitit Arawon yo, Nadab ak Abiyon, leve, yo pran ti recho yo, yo mete chabon dife tou limen ladan yo, yo mete lansan nan dife a, epi y' al ofri l' bay Seyè a. Men, dife a pa t' bon paske se pa t' yon dife Seyè a te bay lòd fè. Seyè a voye yon dife sou yo, dife a boule yo, epi yo mouri la devan Seyè a. Lè sa a, Moyiz di Arawon: -Men sa Seyè a t'ap di nou an wi lè l' te di: Moun k'ap sèvi m' fèt pou respekte m'. M'a fè pèp la konnen pouvwa mwen! Arawon pa di anyen.» (Levitik 10:1-3)

Menm jan ke Bondye te fè pèp Izrayèl konnen ekzakteman jan ke Li te vle pou yo te vin adore Li, se konsa ke Jezi te klè sou jan ke nou dwe adore Bondye. Nan konvèsasyon ke Jezi tap fè avèk fanm Samaritèn nan ke nou jwenn nan **Jan 4: 21-24**, nou li:

*« Jezi reponn li: Madanm, ou mèt kwè mwen. Lè a pral rive, se pa ni sou mòn sa a, ni lavil Jerizalèm pou n' sèvi Papa a. Nou menm, moun Samari, nou pa konnen sa n'ap sèvi a. Nou menm jwif, nou konnen sa n'ap sèvi a, paske moun k'ap vin pou sove a, se nan mitan jwif yo l'ap soti. Men, lè a ap rive, li rive deja: **tout moun k'ap sèvi tout bon yo pral sèvi Papa a nan kè yo jan sa dwe fèt.** Se moun konsa Bondye vle pou sèvi li. Bondye, se Lespri li ye. **Tout moun k'ap sèvi l', se pou yo sèvi l' nan lespri yo jan sa dwe fèt la.»***

« Femme, lui dit Jésus, crois-moi, l'heure vient où ce ne sera ni sur cette montagne ni à Jérusalem que vous adorerez le Père. Vous adorez ce que vous ne connaissez pas; nous, nous adorons ce que nous connaissons, car le salut vient des Juifs. Mais

l'heure vient, et elle est déjà venue, où les vrais adorateurs adoreront le Père en esprit et en vérité; car ce sont là les adorateurs que le Père demande. Dieu est Esprit, et il faut que ceux qui l'adorent l'adorent en esprit et en vérité.»

Nan pasaj sa a, Jezi montre nou ke adorasyon ki te konn fèt nan ansyen kontra pa menm adorasyon kap fèt anba nouvo kontra a. Anba ansyen kontra a osinon ansyen testaman an, nou jwenn yon adorasyon ki te baze plis sou bagay fizik jan ke nou li nan **Ebre 9:1-10** ki di:

*« Premye kontra a te gen regleman pa l' pou jan yo dwe fè sèvis pou Bondye nan tanp ki sou latè a. Premye bagay yo fè, yo moute **yon gwo tant**: se te kote yo te mete apa pou sèvis Bondye a. Se la yo te mete **gwo lanp sèt branch lan**, tab la ansanm ak pen yo ofri bay Bondye yo. **Dèyè dezyèm rido a**, te gen yon lòt ti tant pi piti. Se te kote yo te mete apa nèt pou Bondye menm lan. Se la lotèl an lò a te ye ansanm ak **Bwat kote yo te sere kontra a**. Se sou lotèl la yo te konn boule lansan. **Bwat la menm te kouvri nèt ak lò**. Anndan l' yo te mete yon ti ja an lò tou ki te gen laman dezè a. Bò kote ti ja a, yo te mete **baton Arawon an ki te fleri**, ansanm ak de moso wòch plat kote yo te ekri pawòl kontra a. Anwo bwat la, yo te mete estati de zanj yo te rele **cheriben**. Se te pou fè moun konnen Bondye la. Zèl zanj yo te louvri, yo te kouvri tout kote yo ofri bèt pou touye pou peche yo. **Men, nou pa gen tan koulye a pou n' pale an detay sou bagay sa yo.***

Lè tout bagay fin nan plas yo konsa, prèt yo gen pou yo antre chak jou nan premye tant lan pou fè sèvis. Men, se granprèt la ase ki gen dwa antre nan dezyèm ti tant lan. Li fè l' yon sèl fwa chak lanne. Lè sa a, li pote san bèt yo te ofri bay Bondye a pou tèt pa l' ansanm ak pou peche pèp la fè san yo pa t' konnen. Avèk tout aranjman sa yo, Sentespri fè nou wè chemen ki pou mennen nou kote Bondye ye a poko louvri toutotan premye tant la kanpe toujou. Sa se yon siy pou te fè nou konprann davans sa k'ap pase koulye a. Sa vle di: pou moun k'ap fè sèvis sa yo, nanpwen kado yo ka fè Bondye, nanpwen ofrann bèt yo ka touye bay Bondye ki pou lave konsyans yo devan Bondye. Nan tout bagay sa yo, se yon keksyon de sa ki bon pou manje, de sa ki bon pou bwè, de tout kalite seremoni pou yo fè pou lave deyò kò moun. Prensip sa yo vo kichòy jouk lè Bondye vin chanje tout bagay. »

Bondye se Espri ke Li ye, nou dwe adore Li nan Jan ke Li ye a. Kounye a, nou pa bezwen yon tanp osinon yon kote fizik pou nou adore Bondye. Pòl ekri:

*« Eske nou pa konnen se **tanp Bondye a nou ye**, se Lespri Bondye a ki rete nan kè nou? » (1 Korent 3:16)*

Se pa moun ki sòti nan nan tribi osinon ras moun Levi yo sèlman ki kapab prezante yo devan Bondye. Pyè ekri:

*« Men nou menm, nou se yon ras **Bondye chwazi**, yon bann prèt k'ap sèvi **Wa a**, yon nasyon k'ap viv apa pou Bondye, yon pèp li achte. Li fè tou sa pou n' te ka fè tout moun konnen bèl bagay Bondye te fè yo, Bondye ki rele nou soti nan fènwa a pou nou antre nan bèl limyè li a.» (1 Piè 2:9)*

Nou pap ofri sakrifis bèt ankò, kounye a, se yon lòt sakrifis nap ofri.

« *Gremesi Jezikri, sèl ofrann san n'ap ofri bay Bondye a, se lwanj n'ap ba li tout tan. Se tout tan pou non l' nan bouch nou. »*

« *Par lui, offrons sans cesse à Dieu un **sacrifice de louange**, c'est-à-dire le fruit de lèvres qui confessent son nom.* » (Ebre 13:15)

Pou fini, Adorasyon pa genyen anyen pou wè ak plas kote wap adore a, ni jou ak lè wap adore a. Sa pa depann tou enstriman mizikal osinon frape men nou. Anpil fwa, aprè sèvis fini, genyen moun ki konn di ke te genyen yon bon adorasyon jodi a, men adorasyon an se pou Bondye ke li ye, se pa pou moun. Si li pa fè Bondye plèzi a, adorasyon sa a pa itil anyen. Jezi te di:

« *Bann ipokrit! Ezayi te gen rezon lè l' t'ap pale sou nou, jan sa ekri a: Se nan bouch pèp sa a respektè mwen. Men, kè yo byen lwen mwen. **Se tan yo y'ap pèdi, lè y'ap fè sèvis pou mwen.** Paske, nan sa y'ap di, se pawòl lèzòm y'ap moutre moun.* » (Matye 15:7-9)

Afeksyon

Nan Deteronòm 6:5, nou li:

« *Se pou nou renmen Seyè a, Bondye nou an, **avèk tout kè nou, avèk tout nanm nou, avèk tout fòs kouraj nou.** »*

Yon moun gen dwa di li renmen Bondye, men se pa Bondye vre li renmen, se tèt li ke li renmen. Yon mechan gen dwa di li renmen Bondye paske Bondye fè jaden li donner pou sezon an. Lanmou ke Bondye mande a, se lè ou pran plezi nan Bondye. Ou pran plezi ou pou ou pale avèk Bondye, pou ou konnen Li pi byen chak jou. Ke genyen grangou, ke vant plen, ke genyen lajan, ke razè, sa pa chanje anyen nan afeksyon ke ou genyen pou Bondye, nan lanmou ke ou genyen pou Li. Konsa, renmen Bondye fè pati de glorifye Bondye.

Soumisyon

Soumèt se remèt tèt ou bay Bondye pou ou toujou pare pou travay Bondye a. Si ou mete tèt ou an premye pozisyon kote ke nan tout bagay, wap chache avantaj pa ou, wap rate anpil chans pou ou bay Bondye glwa. Soumisyon pote obeyisans ki genyen kòm rezilta: Glwa Bondye. Lè ou obeyi Bondye san ou pa konsidere avantaj pèsònèl bagay lachè kap pase, glwa Bondye ap klere nan lavi ou. Nou jwenn Jezi te soumèt li devan Bondye jiska lamò.

« *Li kite yo, li ale yon dezyèm fwa. Li lapriyè konsa: O Papa m', si se pou m' bwè gode soufrans sa a anvan pou ou wete l' devan je m', ou mèt fè l' jan ou vle a.* » (Matye 26:42)

Kouman Bondye jwenn Glwa?

a- Lè nou pote fwi

« *Men ki jan pouvwa Papa m' lan va parèt aklè: se lè nou donnen anpil, lè nou fè wè se disip mwen nou ye.* »

« ***Si vous portez beaucoup de fruit, c'est ainsi que mon Père sera glorifié, et que vous serez mes disciples.*** » (Jan 15:8)

b- Lè nou itilize kado espartyèl nou yo

« *Chak moun dwe pran kado Bondye ba yo a pou yo rann lòt yo sèvis. Konsa, tankou bon jeran, n'a pran kado Bondye yo, ki divès kalite, n'a fè yo travay. Si yon moun ap pale, se pou l' pale tankou si se te pawòl Bondye li t'ap di. Si yon moun ap rann sèvis, se pou li fè l' ak fòs Bondye ba li. **Konsa, nan tout bagay lwanj lan va pou Bondye**, gremesi Jezikri. Se pou Jezikri tout lwanj ak tout pouvwa pou tout tan. Amèn.* »

« *Comme de bons dispensateurs des diverses grâces de Dieu, que chacun de vous mette au service des autres le don qu'il a reçu, Si quelqu'un parle, que ce soit comme annonçant les oracles de Dieu; si quelqu'un remplit un ministère, qu'il le remplisse selon la force que Dieu communique, **afin qu'en toutes choses Dieu soit glorifié par Jésus Christ**, à qui appartiennent la gloire et la puissance, aux siècles des siècles. Amen!* » (1 Piè 4:10-11)

c- Lè nou sèvi ak kò nou pou sa ke li ye a

« *Se konnen nou pa konnen kò nou se tanp Sentespri k'ap viv nan kè nou, Sentespri Bondye te ban nou an? Nou pa mèt tèt nou ankò. Bondye achte nou kach, li peye chè pou sa. Se poutèt sa, **sèvi ak kò nou yon jan pou fè lwanj Bondye.*** »

« *Ne savez-vous pas que **votre corps est le temple du Saint Esprit qui est en vous**, que vous avez reçu de Dieu, et que vous ne vous appartenez point à vous-mêmes? Car vous avez été rachetés à un grand prix. **Glorifiez donc Dieu dans votre corps et dans votre esprit, qui appartiennent à Dieu.*** » (1 Korent 6:19-20)

Poukisa nou dwe bay Bondye glwa?

1- Bondye te kreye nou pou glwa li

*Se pèp mwen yo ye. **Se mwen menm ki kreye yo pou yo ka sèvi yon lwanj pou mwen.** Se mwen menm menm ki te fè yo. Se nan men mwen yo soti (Ezayi 43:7)*


2- Li merite sa

*Nou tout pèp ki sou latè, fè lwanj Seyè a! Fè lwanj Seyè a pou pouvwa ak fòs li genyen! **Fè lwanj li paske li merite sa!** Pote ofrann ba li anndan lakay li! (Sòm 96:7-8)*

*« **O Bondye, Mèt nou, ou merite pou ou resevwa lwanj, respè ak pouvwa.** Se ou menm ki fè tout bagay. Si yo la, si yo gen lavi, se paske ou vle l'. » (Rev 4:11)*

2

Sistèm Solè a



SOURCE: THE INTERNATIONAL ASTRONOMICAL UNION/MARTIN KORNMESSER

Eske solèy la ak lalin rete yon sèl kote a?

« Jou Seyè a te lage moun Amori yo nan men moun pèp Izrayèl yo, Jozye pale ak Seyè a devan tout pèp la, li di: -Solèy! Rete klere sou lavil Gabawon! Lalin! Rete klere sou Pon Ayalon! **Solèy la rete kote l' te ye a, lalin lan pa fè yon pa jouk pèp Izrayèl la te fin kraze lènmi l' yo. Se sa nou jwenn ekri nan liv Moun ki mache dwat la. Solèy la rete nan mitan syèl la san li pa mache yon bon tan, longè yon jounen konsa. Se apre sa l' al kouche. Ni anvan sa, ni apre sa, pa janm gen yon jou tankou jou sa a lè Seyè a te fè sa yon moun te mande l' fè, epi li gouden pou pèp Izrayèl la.»**
(Jozye 10:12-14)

« Alors Josué parla à l'Éternel, le jour où l'Éternel livra les Amoréens aux enfants d'Israël, et il dit en présence d'Israël: Soleil, arrête-toi sur Gabaon, Et toi, lune, sur la vallée d'Ajalon! **Et le soleil s'arrêta, et la lune suspendit sa course, Jusqu'à ce**

que la nation eût tiré vengeance de ses ennemis. Cela n'est-il pas écrit dans le livre du Juste? Le soleil s'arrêta au milieu du ciel, Et ne se hâta point de se coucher, presque tout un jour. Il n'y a point eu de jour comme celui-là, ni avant ni après, où l'Éternel ait écouté la voix d'un homme; car l'Éternel combattait pour Israël.»
(Josue 10:12-14)

Sistèm solè a konpoze de solèy la, tè a, lalin lan ak lòt planèt kap fè wonn solèy la. Lè nou gade jan ke bagay sa yo travay ansanm, nou wè glwa Bondye ladan yo. Nou fini pa konprann ke se Bondye sèl ki genyen pouvwa ak konesans pou fè travay sa yo. Nan **Sòm 19:1**, nou li:

« *Syèl la fè parèt aklè pouvwa Bondye a. Li fè wè tou sa Bondye te fè ak men l'.* »

« *Les cieux racontent la gloire de Dieu, Et l'étendue manifeste l'oeuvre de ses mains.* »

Malgre ke lèzòm rebele kont Bondye, genyen ladan yo ki pa menm dakò ke se Bondye ki kreye tout bagay e ki mete tout bagay nan plas yo; men, pou nou menm pèp Bondye a, se yon bagay ki klè, se Bondye ki kreye tout bagay ki ekziste.

Nan **Jenèz 1:14-18**, nou li:

« *Bondye di ankò. Se pou limyè parèt nan syèl la pou separe lajounen ak lannwit. Y'a sèvi pou make jou yo, lanne yo ak sezon yo. Y'a sèvi limyè nan syèl la pou klere tout latè a. Se konsa sa te pase. Bondye fè de gwo limyè, pi gwo a pou kòmande sou lajounen, pi piti a pou kòmande sou lannwit. Li fè zetwal yo tou. Li mete yo nan syèl la pou klere latè a, pou kòmande sou lajounen ak sou lannwit, pou separe limyè ak fènwa. Bondye gade sa l' te fè a, li wè l' bon.* »

Solèy


Solèy la se sa ke nou rele yon **zetwal**.

Kisa yon zetwal ye menm? Poukisa ke yo pa di ke solèy la se yon planèt ke li ye?

Diferans ki genyen ant yon zetwal ak yon planèt, sè ke zetwal la pwodwi limyè li pou kont li, men yon planèt sèlman reflekte limyè ke li jwenn nan. Solèy la se zetwal espezyal pou nou menm kap viv sou latè. Mesye save yo fè konnen ke solèy la se yon zetwal mwayèn ke li ye. Sa vle di ke genyen zetwal ki pi gwo pase li epi genyen zetwal ki pi piti pase li tou; genyen ki pi cho e genyen ki pi frèt pase li. An gwo, tout zetwal ke nou wè ak je nou nan syèl la, yo prèske menm jan ak solèy la.

La syans fè konnen ke sistèm solè a fè pati de yon galaksi ki rele "**Voie Lactée**" nan lang fransè a. Nan Galaksi "Vwa Lakte" a, genyen plizyè milya zetwal; solèy la se youn ladan yo. Sa ki pi rèd la, yo fè konnen tou ke genyen plizyè milya de galaksi.

Solèy la a yon distans mwayèn de 150 milyon kilomèt de latè. Li konpoze de 74 pousan idwojèn, 25 pousan elyòm ak 1 pousan lò bagay. Solè la pa genyen okenn pati solid ladan li, se gaz sèlman ki konpoze li. Solèy la pa kanpe anplas. Menm jan ke latè genyen yon wotasyon ki dire 24 è de tan, solèy la genyen yon wotasyon de anviron 26 jou. Men, akòz ke solèy la konpoze de gaz sèlman, tout gaz yo pa vire ak menm vitès. Konsa, genyen pati ladan li ke wotasyon an dire anviron 30 jou.



Latè



Popilasyon moun ki sou latè: 7,039,191,305 (estimasyon nan mwa Septanm 2012)

Nonm de peyi sou latè: 196

Sikonferans latè lè yo mezire li nan Ekwatè a: 24,901.55 miles (40,075.16 km)

Sikonferans latè lè yo mezire li ant pòl Nò ak pòl Sid: 24,859.82 miles (40,008 km)

Distans mwayèn ant latè ak solèy la: 93,020,000 miles (149,669,180 km)

Distans mwayèn ant latè ak lalin lan: 238,857 miles (384,403.1 km)

Latè konpoze de 70.8 pousan dlo, 29.2 pousan tè.

Atmosfè osinon lè ke nap respire a konpoze de 77 pousan nitwojèn, 21 pousan oksijèn epi rès la se lòt pwodwi tankou agòn, CO₂, dlo..etc.

Latè ap fè wonn solèy la ak yon vitès de anviron 67,062 miles pa è (100,000 km chak inè de tan)

Li pran latè 365.2425 jou pou li fè wonn solèy la.

Li pran late 24 è de tan pou li fè wotasyon sou aks li (23h56m ó 4.0953)

Lalin lan

Kisa yon lalin ye?


Genyen yon lalin ki klere nou sou latè e li pi fasil pou nou wè li lè li lannwit. Men, lasyans fè nou konnen ke genyen lòt lalin ki ekziste ke nou pa kapab wè ak je nou sou latè. Lasyans klasifye yon lalin kòm yon objè, yon satelit kap fè wonn yon planèt ki pi gwo pase li. Latè se yon planèt, epi satelit kap fè wonn li an, se yon lalin.

Lasyans aprann nou ke genyen plis ke 100 lalin nan sistèm sole nou an. Planèt Jipitè genyen 63 lalin ki konfime (2009); planèt Satin genyen 61 lalin ; planèt Iranis genyen 27 ; Neptin genyen 13 ; Mas genyen 2 ; Mèkiri ak Venis pa genyen lalin ; Plito te genyen 3, men Plito pa klasifye kòm yon planèt ankò.



- A- Lalin nan pran 27 a 29 pou li fè wonn tè a.
- B- Nou wè 59 pousan lalin nan epi se toujou menm bò a ke nou wè.
- C- Lalin nan anviwon $\frac{1}{4}$ gwosè latè.

**Ce que voit un observateur
situé sur la terre :**



Lè nou gade kò nou, lè nou gade kò imen an, jan ke Bondye mete tout ògan yo ki nan kò a, èske nou wè glwa Bondye ladan li?

David ki pat yon doktè te reyalize ke Bondye merite glwa pou jan ke Bondye mete tout bagay an plas nan kò li. David ekri nan Sòm 139:14

« M'ap fè lwanj ou, paske ou pa manke fè bèl bagay

. Tou sa ou fè se bèl bagay. Mwen konn sa byen. »

« Je te loue de ce que je suis une créature si merveilleuse. Tes oeuvres sont admirables, Et mon âme le reconnaît bien. »

« Merci d'avoir fait de moi une créature aussi merveilleuse: tu fais des merveilles, et je le reconnais bien. »



Nou prale pase sou kèk bagay ke lasyans revele nou nan kò imen an, ki va pèmèt nou apresye travay ke Bondye fè nan kò nou. Objektif pati sa a, se touche kèk ti sijè senp ki an menm tan konplike nan jan ke ògan nou yo travay pou nou wè glwa Bondye nan jan ke Bondye fòme kò imen an.

Adrenalin

Yon glann andokrin se yon ògan andan moun, yon glann ki pwodwi sa ke yo rele yon òmòn epi voye li nan sikilasyon sangan an. Lè òmòn sa a, ki aji tankou yon mesaj chimik, antre an sikilasyon, genyen anpil travay ki gen dwa fèt depann sou ki òmòn kap travay. Yon òmòn ke nou jwenn ki enteresan, se òmòn ki rele: Adrenalin. Se yon òmòn ki pwodwi lè ke genyen yon estrès ki rive, swa fizik osinon emosyonèl.

Si nou ta pran yon egzanzp! Yon moun nan lavil Pòtoprens epi li tande bri fizi ak revolvè kap tire, genyen yon reyaksyon kap fèt nan kò moun sa a. Sèvo moun nan ap voye yon siyal bay ipotalamus (hypothalamus) moun nan; ipotalamus lan ap voye yon siyal bay glann "médullosurrénales" yo; glann sa yo menm ap voye adrenalin nan san moun nan. Depi adrenalin antre nan san moun nan, genyen yon pil reyaksyon ki fèt. Kè moun nan bat pi vit, respirasyon moun nan akselere, sèvo moun nan ak misk (muscle) moun nan resevwa plis oksijèn, nwa je (pupilles) dilate, vin pi gwo

pou ogmante vijilans moun nan, men bagay tankou aparèy dijesyon moun nan ralanti nan travay li. Konsa, adrenalin nan pèmèt pou tout kò moun nan mobilize l pou konfronte danje a.



Kè ak sistèm kadyo-vaskilè a


Lè ou kouri osinon wap fè yon travay fizik, kè ou kòmanse bat pi vit, poukisa?

Youn nan sistèm nan kò moun ki rele sistèm kadyo-vaskilè a, se sistèm ki reskonsab pou distribye pwodwi chimik ki nesèsè pou kò moun fonksyone jan sa dwe fèt. Nan sistèm sa a, nou jwenn kè a ki se yon pomp doub avèk de (2) tip de tiyo (venn yo ak atè yo) ki konekte nan kè a pou pote san nan tout kò a.

Kè a se yon ògan miskle kap kontrakte (sistòl) epi relache (dyastòl) pou fè san an sikile. Bò goch la ap pote san ki genyen oksijèn ladan li ale nan kò a; bò dwat la ap pote san ki pa genyen oksijèn ladan li ale nan poumon an pou li pran oksijèn pote nan bò goch la.

Diferans ki genyen ant venn yo ak atè yo, sè ke venn yo pote san vin nan kè a epi atè yo pote san soti nan kè a. Sa vle di ke atè a pote san ki oksijene, san ki genyen oksijèn ladan li; venn yo pote san

ki deoksijene, san ki pa genyen oksijèn ladan li.



Oksijèn

Oksijèn se tankou gas tout ògan ki genyen nan kò a; si pa genyen oksijèn nan kò a, tout ògan yo ap mouri youn apre lòt paske yo bezwen oksijèn nan pou yo fonksyone. Tank ògan nan ap travay pi plis, se tank li bezwen plis oksijèn. Pa egzanzp, si ou chita, ou pap fè anyen, kè ou ap bat ak youn mezi ki nòmal pou ou; si ou leve epi ou kòmanse kouri, selil mis ki nan janm ou yo bezwen plis oksijèn pou yo travay. Sa ke kè a fè, li koumanse bat pi vit pou li voye plis san ki genyen oksijèn ladan li pou selil mis ki nan janm nan kapab jwenn gaz pou li boule.

Nou kapab di ke se pa kè ou kap bat la ki kenbe ou vivan, men se san kap sikile nan sistèm nan ki fè ke ou kapab kontinye ap viv.

San

Nan san an, nou jwenn de (2) pati:


- 1- **Plasma:** pati likid san an. Li konpoze de dlo, mineral, gaz fonn, òmòn...etc
- 2- **Globil:** pati solid nan san an. Li konpoze de globil blan, globil wouj ak plakèt yo.

Plakèt ó Youn nan travay ki pi enpòtan ke yo fè, se sa key o rele: koragilasyon. Lè youn moun blese, yo lakoz san an kaye pou san an pa kontinye koule.

Globil wouj - Nou kapab di ke yo fè yon travay transpòtasyon. Yo pote oksijèn ale nan kò a epi yo pote oxid cabòn (CO₂) sòti nan kò a.

Globil Blan - Travay globil sa yo se defann kò a kont move jèm ki kapab atake kò a. Genyen senk (5) gwoup:

- a) Netwofil
- b) Bazofil
- c) Eyosofil
- d) Monosit
- e) Lenfosit



Nan **Levitik 17:11**, nou li:

« **Nanm tout bèt vivan se nan san an li ye.** Se poutèt sa, mwen menm Seyè a, mwen mande pou yo vide tout san an sou lotèl la pou li ka wete peche pèp la. Nou bay san an pou nanm nou. »

« **Car l'âme de la chair est dans le sang.** Je vous l'ai donné sur l'autel, afin qu'il servît d'expiation pour vos âmes, car c'est par l'âme que le sang fait l'expiation. »

« **Car le sang, c'est la vie de toute créature.** Et moi, je vous l'ai donné afin qu'il serve à accomplir sur l'autel le rite d'expiation pour votre vie. En effet c'est parce qu'il représente la vie que le sang sert d'expiation »

Nan **Jenèz 9: 3-4**, nou li:

« Koulye a, nou gen dwa manje tout kalite bèt vivan k'ap mache, tout kalite fèy vèt. Mwen ban nou tout pou manje. Tansèlman, **se pa pou n' manje vyann ak tout san ladan l', paske san yon bèt se nanm li.** »

« Tout ce qui se meut et qui a vie vous servira de nourriture: je vous donne tout cela comme l'herbe verte. Seulement, **vous ne mangerez point de chair avec son âme, avec son sang.** »

« Tout ce qui remue et qui vit vous servira de nourriture au même titre que les légumes et les plantes: je vous donne tout cela. Toutefois, **vous ne mangerez pas de viande contenant encore sa vie, c'est-à-dire son sang.** »

Kounye a, si nou ta konsidere legliz ki se moun ki mete konfyans yo nan Jezi, Pòl ekri:

« Nou tout, nou se kò Kris la: nou chak se yon manm nan kò sa a. » (**1 Korent 12:27**)

Kisa ki kenbe legliz ki se kò Kris la an sante? Kò materyèl la, se yon san materyèl, yon likid ki pou kenbe li anvi. Legliz ki se yon kò espirityèl bezwen yon bagay espirityèl ki pou kenbe li anvi. Nan **1 Korent 12:12-13**, nou li:

« Konsa, Kris la se tankou yon kò ki gen anpil manm. Kò a toujou yon sèl kò, ou mè wè li gen anpil manm. Se sak fè, nou menm, kit nou jwif, kit nou pa jwif, kit nou esklav, kit nou pa esklav, nou tout nou te resevwa batèm pou n' te ka fè yon sèl kò ansanm, pa pouvwa yon sèl Lespri a. **Nou tout nou te bwè nan yon sèl Lespri a.** »

« Car, comme le corps est un et a plusieurs membres, et comme tous les membres du corps, malgré leur nombre, ne forment qu'un seul corps, ainsi en est-il de Christ. Nous avons tous, en effet, été baptisés dans un seul Esprit, pour former un seul corps, soit Juifs, soit Grecs, soit esclaves, soit libres, et **nous avons tous été abreuvés d'un seul Esprit.** »

*« Le corps humain forme un tout, et pourtant il a beaucoup d'organes. Et tous ces organes, dans leur multiplicité, ne constituent qu'un seul corps. Il en va de même pour ceux qui sont unis au Christ. En effet, nous avons tous été baptisés par un seul et même Esprit pour former un seul corps, que nous soyons Juifs ou non-Juifs, esclaves ou hommes libres. **C'est de ce seul et même Esprit que nous avons tous reçu à boire.** »*

Si ou pa prete atansyon, ou kapab pa remake mistè sa a. Nan pasaj sa a, Sentespri prezante kòm yon likid ki andedan kò a, paske se Sentespri ki kenbe legliz ki se kò Kris la anvi.

Kisa Jezi te di disip li yo lè li ta prale tounen nan syèl?

Lè nou panse ak travay ke san an fè nan kò moun, ak ki travay nou kapab konpare li ke Sentespri fè nan kò Kris la?

Nan **Women 1, vèsè 21 a 23**, nou li:

« Yo te konn Bondye byen pwòp, men yo pa bay Bondye lwanj ki pou li, yo pa di l' mèsì jan l' merite l' la. Lekontrè, y'ap mete yon bann lide ki pa gen sans nan tèt yo, yo san konprann, fènwa fin plen kè yo. Y'ap mache di se moun lespri yo ye. Men, se fou yo fin fou. Pase pou yo adore Bondye ki p'ap janm mouri a ak tout bèl bagay li yo, yo pito sèvi pòtre moun ki gen pou mouri, pòtre zwazo, pòtre bèt kat pa t' ak bèt ki trennen sou vant. »

« Puisque ayant connu Dieu, ils ne l'ont point glorifié comme Dieu, et ne lui ont point rendu grâces; mais ils se sont égarés dans leurs pensées, et leur coeur sans intelligence a été plongé dans les ténèbres. Se vantant d'être sages, ils sont devenus fous; et ils ont changé la gloire du Dieu incorruptible en images représentant l'homme corruptible, des oiseaux, des quadrupèdes, et des reptiles. »

Kisa ou konprann de pasaj sa a ?

Vrè osinon Fo

1- Si ou pran tout tiyo sangen yo tankou atè, venn ak kapiyè yo ki nan yon moun, ou kole yo ansanm epi ou lonje yo, yap mezire anviwon 96000 kilomèt de longè (ase pou fè wonn tè a 2 fwa e demi) _____

2- Si ou pran gwo entesten ak ti entesten yon moun, ou kole yo ansanm epi ou lonje yo, yap mezire anviwon 25 pye (gwo = 5 pye ; ti piti a = 20 pye)._____

4

Kisa peche ye?

Peche se tout bagay ki kont volonte Bondye; Si Bondye di ke yon bagay pa bon, se peche ke bagay sa a ye; sa vle di ke bagay sa a pa bon pou ou menm pèsònèlman. Bondye konnen ki danje, ki konsekans ke aksyon peche sa yo ap pote, konsa Bondye pa vle bagay sa yo fèt; bagay sa yo rele: "PECHE".

Lè yon moun fè yon peche kèlkonk, sa pa retire anyen sou Bondye, men se moun nan osinon lòt moun kap soufri konsekans peche a.

Pa egzanp, lè Bondye di volè se peche, non sèlman sa kont volonte Bondye men si ou travay pou yon bagay pou ou kapab viv epi yon lòt moun pase li pran bagay la, ou kapab rive pa genyen dekwa a viv. Si lè yo pran pa ou la, ou pran pa yon lòt epi lòt la pran pa yon lòt, nou wè ki dezòd kap genyen. Moun pap vle travay ankò paske yo konnen yon lòt moun kapab pase pran sa ke yo te travay pou li a.

Gwo peche ak ti peche?

Pa genyen ni gwo peche, ni ti peche; tout peche mennen nan lanfè. Ni moun ki touye moun, ni moun ki joure moun merite menm santans lan. Jezi di konsa:

« Nou tande ki jan nan tan lontan yo te di zansèt nou yo: Piga ou janm touye moun. Moun ki touye moun, se pou yo jije yo. Men, mwen menm, men sa m'ap di nou: Nenpòt moun ki ankòlè sou frè l', se pou yo jije li. Moun ki joure frè l' enbesil, se pou yo jije l' devan Gran Konsèy la. Si yon moun di frè l' moun fou, li bon pou yo jete l' nan dife lanfè a. » (Matye 5:21-22)

« Nou tande ki jan nan tan lontan yo te di: Piga ou janm fè adiltè. Mwen menm, men sa m'ap di nou: Si yon nonm gade yon fi avèk lanvi, li deja fè adiltè avè l' nan kè l'. » (Matye 5:27-28)

Pòl ekri:

« Nou konnen byen pwòp moun ki mechan p'ap resevwa anyen nan peyi kote Bondye wa a. Pa twonpe tèt nou: moun k'ap viv nan dezòd, moun k'ap sèvi zidòl, moun k'ap viv nan adiltè, moun pèvèti k'ap sèvi fanm ak fanm, gason ak gason, moun k'ap vòlò, moun ki gen lanvi plen kè yo, tafyatè, moun k'ap pale moun mal, piyajè, yo yonn p'ap resevwa anyen nan peyi kote Bondye wa a. » (1 Korent 6:9-10)

Yon moun gen dwa pap viv nan adiltè, men si moun nan gen lanvi nan kè li, lè li wè yon moun

genyen yon bagay, li ta renmen genyen bagay la tou, moun sa a peche menm jan an tou. peche sa a pa piti; se menm rezilta ke li bay.

Sa pa vle di pou ou mete nan tèt ou ke adiltè osinon peche seksyèl pa peche serye. Sa ke nou bezwen fè, se sispann bay peche grad tankou youn pi gwo ke yon lòt; lè ou bay kèk peche pi gwo grad ke yon lòt, wap genyen entansyon pou ou bay peche pa ou yo mwens enpòtans paske yo pi piti peche pase peche ke lòt moun ap fè. Lè sa a:

- 1) Ou pap genyen pouse pou ou remèsye Bondye pou peche ou yo ki padone.
- 2) Ou pap janm rive reyalize enpòtans sakrifis ke Jezi te fè sou kwa a.

Peche ak Lalwa

Peche kòmanse nan jaden Eden lan, lè ke Adan te manje nan pye bwa ke li pat dwe manje a. Lalwa menm vin antre apre yon bann tan pita. Ansyen moun tankou Adan, Noye, Enòk, Lo, Abraram, Izarak, Jakòb..etc pat konnen anyen de lalwa. Yo pat viv anba lalwa; yo pat genyen 10 kòmmanman pou yo te swiv. Nou jwenn ke Bondye te chwazi Abraram poutèt konfyans ke Abraram te genyen nan Bondye. Epi, Bondye te fè yon pwomès ak Abraram. Nan Jenèz 22, nou li:

*« Zanj Bondye a rete nan syèl la, li pale ak Abraram yon dezyèm fwa, li di l' konsa: Mwen sèman sou tèt mwen. Se mwen menm Seyè a ki di sa. Mwen gen pou m' beni ou anpil poutèt sa ou fè a. Ou pa t' refize ban mwen pitit ou a, sèl pitit gason ou genyen an. Mwen pwomèt pou m' ba ou anpil pitit pitit. Y'ap tankou zetwal nan syèl la, tankou grenn sab bò lanmè. Y'a bat tout lènmi yo. **Gremesi tout pitit pitit ou yo, tout nasyon sou latè pral jwenn benediksyon.** Wi, yo tout, paske ou te fè sa m' te mande ou fè a. » (Jenèz 22:15 -18)*

Pwomès sa a, se pwomès Jezi ki ta pral vini; se nan Jezi ke tout latè ta pral jwenn benediksyon gras la. Nou bezwen konprann jan ke nou beni gremesi sakrifis ke Jezi te fè pou nou an.

Men, 430 ane aprè Bondye te fè pwomès gras la ak Abraram, genyen yon nouvo bagay ki vin antre: se **Lalwa**. Pwomès la te fèt an premye, epi Bondye vin bay Moyiz Lalwa a. Pou kisa Bondye te bay Lalwa a? Eske Lalwa a te ranplase pwomès la?

Pòl ekri moun Galasi yo pou li di yo:

« Enben, Bondye te fè pwomès sa yo pou Abraram ak pitit pitit li a. Yo pa t' ekri: ak pitit pitit li yo, tankou si yo te vle pale sou anpil moun, men yo ekri: ak pitit pitit ou a. Yo t'ap pale sou yon sèl moun, moun sa a se te Kris la. Men sa mwen vle di: Bondye te fè testaman sa a, epi li te pwomèt li t'ap kenbe li. Lalwa a menm te vini katantrant (430) an apre sa. Se sak fè, lalwa a pa kapab kase testaman sa a, ni li pa kapab fè pwomès la tonbe. Paske, si kado Bondye bay la te chita sou lalwa Moyiz la, se pa ta yon pwomès ankò kado a ta ye. Men, Bondye te bay Abraram favè sa a paske li te pwomèt li sa.

Poukisa yo te bay lalwa a menm? Yo te ajoute lalwa a pou l' te ka fè nou konnen bagay ki kont volonte Bondye. Lalwa a te fèt pou l' te la toutotan pitit pitit Abraram lan pa t' ankò vini, paske se pou li Bondye te fè pwomès la. Se zanj Bondye yo ki te bay lalwa, epi se yon nonm ki te sèvi entèmedyè. » (Galat 3:16-19)

Pòl te vle pou moun Galasi yo konprann yon bagay ke nou menm tou, nou bezwen konprann. Lalwa a la pou fè ou konnen bagay ki kont volonte Bondye; sa vle di ke lalwa a sèlman fè ou konnen lè ou peche. Li pap ede ou kite peche, li pap sove ou anba dèt peche, li pa genyen yon plan pou li sove ou. Sèlman, chak bagay ou fè ki pa bon, lalwa lonje dwèt li sou bagay la. Lalwa a te kanpe sou 2 pye li jistan pitit pitit Abraram nan ki se Jezi pat ankò vini. Apre Jezi vini, travay lalwa a fini. Lalwa a te kòmanse avèk Moyiz epi li fini ak Jezi pou moun ki mete konfyans yo nan Jezi.

Nan **Women 7: 5-6**, Pòl ekri

*« Lè n' t'ap viv anba pouvwa lachè, tout vye dezi lalwa te fè leve nan kè nou yo t'ap travay nan tout kò nou, yo te fè nou fè bagay ki t'ap mennen nou nan lanmò. **Koulye a, nou pa gen angajman ak lalwa ankò.** Nou mouri annegad lalwa ki te kenbe nou prizonnye a. Se sak fè nou ka sèvi Bondye yon lòt jan, anba otorite Sentespri a. Nou p'ap sèvi l' ankò jan n' te konn sèvi l' nan tan lontan an, anba otorite lalwa ki ekri nan Liv la. »*

An nou gade 2 pasaj ki montre nou yon konparezon ant lalwa ak gras la

*« Seyè a pale ak Moyiz, li di l' konsa: -Men sa pou ou di moun pèp Izrayèl yo: Si yon moun fè yon peche san li pa konnen, si li pa swiv lòd Seyè a bay epi li fè sa l' pa t' dwe fè, men sa pou yo fè l': Si se granprèt la ki fè yon peche konsa epi ki lakòz tout pèp la ap sibi chatiman, granprèt la va mennen yon ti towò bès san ankenn enfimite, l'a ofri l' bay Seyè a pou peche l' la. » (**Levitik 4: 1-3**)*

An nou li sa ke Pòl ekri li menm:

*« Frè m' yo, si nou bare yon moun ap fè yon bagay ki mal, nou menm ki gen Lespri Bondye a nan kè nou, se pou nou mete l' nan bon chemen. Men, fè sa avèk dousè. Epi nou menm bò pa nou, veye kò nou pou nou pa tonbe nan tantasyon tou. Se pou nou yonn ede lòt pote chay yo. Se konsa n'a obeyi lalwa Kris la. Si yon moun ki pa anyen mete nan tèt li li kichòy, moun sa a se twonpe l'ap twonpe tèt li. Chak moun dwe egzaminen jan y'ap viv la. Si yo kontan ak tèt yo, y'a kontan pou sa yo fè. Yo p'ap bezwen konpare tèt yo avèk sa lòt yo ap fè. Paske, chak moun gen chay pa yo pou yo pote. » (**Galasi 6:1-5**)*

Nou kapab wè yon gwo diferans ant yon moun kap viv anba lalwa ak yon moun kap viv anba gras la. Pou nou menm kap viv anba gras la, nou pa la pou nou jije epi kondane, men, nou la pou nou youn sipòte lòt. Lè youn nan nou fè yon bagay ki mal, se pou nou mete moun sa a nan bon chemen.

Kesyon ke anpil nan nou gen dwa poze se: « Si nou jwenn yon moun ap fè yon bagay ki mal epi nou eseye mete moun sa a, men moun nan refize tande nou; kisa nou dwe fè? »

Men repons ke Jezi bay:

*« Si frè ou fè ou yon bagay ki mal, ale jwenn li, rele l' apa. Fè l' wè sa li fè a mal. Si li koute ou, se mete wa mete frè ou ankò sou bon chemen. Men, si li pa vle koute ou, pran yonn osinon de lòt moun avè ou. Konsa, tout bagay va regle sou depozisyon de osinon twa temwen. Si l' refize koute yo tou, lè sa a wa di legliz la sa. Si l' refize koute legliz la, ou mèt gade l' tankou yon etranje pou ou, tankou yon pèsèptè kontribisyon. » (**Matye 18:15-17**)*

Nou wè ke sa ki pi enpòtan se mete moun nan sou bon chemen an. Men si apre tout sa ou fè, moun nan pa vle tandè ou, ou gen dwa mete moun nan deyò nan mitan legliz la. Ou pap mete moun nan deyò epi sa fini, men nanm moun sa a ap toujou rete yon priyorite pou ou. Si nou ta konsidere yon pwoblèm ki te genyen nan legliz lavil Korent kote ke yon nonm te pran madanm papa li. Men sa Pòl te ekri yo:

*« Toupatou y'ap fè kouri bri jan gen dezòd lachè k'ap fèt nan mitan nou. Dezòd la sitèlman wòd, ata moun lòt nasyon yo pa ta fè bagay konsa. Y'ap mache di gen yonn nan nou k'ap viv ak madanm papa li. Apre sa, ki jan nou ka fè gen lògèy ankò? Okontrè, se bagay ki pou ta fè nou kriye anpil. Epi, **nonm ki fè bagay sa a, se pou n' te wete l' nan mitan nou.** Mwen menm, mwen pa la avèk nou nan kò m', men mwen la nan lespri m'. Pou tèt pa m', nan non Jezikri, Seyè a, mwen deja jije nonm ki fè kalite vye bagay lèd sa a, tankou si m' te la avèk nou. Lè n'a reyini ansanm, m'a la tou avèk nou nan lespri, pa pouvwa Jezikri, Seyè nou an. **Se pou n' lage nonm sa a nan men Satan pou kò l' ka peri. Se konsa lespri l' ka jwenn delivrans lè jou Seyè a va rive.** » (1 Korent 5:1-5)*

Malgre ke sa nonm nan te fè a te grav, nou wè ke Pòl te toujou ap panse ak nanm mesye sa a. Lè Pòl di: « **Se pou n' lage nonm sa a nan men Satan pou kò l' ka peri.** »; genyen moun ki bay opinyon yo sou sa ki di a, men nou pa vrèman konprann sa ke li vle di a paske pa genyen okenn lòt pasaj ke noukapab konpare ak pasaj sa a. Sa ki enpòtan, se sa ke nou jwenn nan **2 Korent 2: 5-11** ki di;

*« Si yon moun fè yon lòt lapenn, se pa mwen li fè lapenn, men se nou tout, moun Korent, li fè lapenn. Pou m' pa al twò lwen, pito m' di se kèk nan nou li fè lapenn. **Pifò nan nou gen tan peni nonm sa a, se kont li. Koulye a se pou nou padonnen l', se pou nou ba li ankourajman pito, pou yon twò gwo lapenn pa kraze l' nèt. Se poutèt sa, m'ap mande nou pou nou aji avè l' yon jan pou fè l' wè jan nou renmen li.** Se pou sa menm mwen te ekri nou: mwen te vle sonde nou pou m' te konnen si nou toujou soti pou nou koute tou sa m' di nou. Enben, lè nou menm nou padonnen yon moun pou mal li fè a, mwen menm tou mwen padonnen li. Lè mwen menm mwen padonnen li, pou di vre, mwen pa gen anyen pou m' padonnen non, men, lè m' fè sa, mwen fè l' pou nou devan Kris la, pou pa bay Satan okenn avantaj sou nou. **Paske nou konnen byen pwòp sa Satan gen nan tèt li.** » (2 Korent 2: 5-11)*

Bondye pa rele nou pou nou bay moun pinisyon osinon pou kondane moun, men se pou youn ede lòt rete nan bon chemen an. Gen de fwa ke nou oblije pran yon sanksyon kont yon moun, men objektif sanksyon an, se pa pinisyon ke li dwe ye, men objektif la se mete moun nan sou bon chemen an.

Ou kapab peche san ke ou pa fè anyen

Yon lòt bagay ke nou bezwen konprann, non sèlman **ou peche lè ke ou fè** yon bagay ke ou pa dwe fè, men anpil fwa **ou peche lè ke ou pa fè** yon bagay ke ou te dwe fè.

Peche pèp Sodòm lan

Genyen moun ki di ke peche gason kap viv ak lòt gason osinon fanm kap viv ak lòt fanm seksyèlman se pi gwo peche paske Bondye te detwi lavil Sodòm pou sa. Anpil fwa, si ou mande

moun sa yo ki kote nan Bib la ki di bagay sa a, yo pa kapab di ou.

Nan **Jenèz 13:13**, nou li:

« *Moun Sodòm yo te move moun anpil. Yo t'ap fè anpil peche kont Seyè a. »*

Nan **Jenèz 18:20 - 21**, nou li:

« *Aprè sa, Seyè a di. Se pa ti kras bagay y'ap di sou moun Sodòm ak moun Gomò, paske peche moun sa yo lou anpil. M'ap desann pou m' wè ak je mwen si sa y'ap di sou yo a se vre. Si se pa vre, m'a konnen. »*

Men se ki peche ke moun sa yo te konn fè ki lou konsa devan Bondye?

Nan **Jenèz 19:4 - 5**, nou li:

« *Yo pa t' ankò kouche, lè mesye lavil Sodòm yo, jenn gason kou vye tonton, sènen kay la. tout gason nan lavil la te kouri vini. Yo rele Lòt, yo di l' konsa. Kote mesye ki vin pase nwit lakay ou aswè a? Fè yo soti vin jwenn nou pou nou kouche ak yo? »*

Baze sou vèsè sa a, anpil moun vle fè konprann ke se pou zafè gason kouche ak gason ki fè Bondye te detwi Sodòm, men se pa fin sa nèt. Tout moun konnen ke gason kouche ak gason osinon fi kouche ak fi se peche. Menm jan an tou, gason ki kouche ak fi ki pa madanm yo, se peche tou. Jenn fi ki kouche ak jenn gason se peche tou. Nan ka Sodòm lan, an nou gade pou ki rezon ki fè Bondye te detwi lavil sa a.

Nan **Ezekyèl 16:44 - 50**, nou li:

« *Seyè a di ankò: Koulye a moun ki renmen fè pwovèb yo pral bay yonn sou do lavil Jerizalèm. Yo pral di: Joumou pa donner kalbas. Pitit fi a ap soti tankou manman l'. Wi, ou se pitit manman ou vre. Li pa t' vle wè ni mari l' ni pitit li yo. Ou menm moun ak sè ou yo. Yo menm tou, yo pa t' vle wè ni mari yo, ni pitit yo. Se yon fanm peyi Et ki te manman nou tout. Se yon moun peyi Amori ki te papa nou. Gran sè ou la rete nan nò. Se lavil Samari ansanm ak tout ti bouk ki sou kont li yo. Ti sè ou la rete nan sid. Se lavil Sodòm ansanm ak tout ti bouk ki sou kont li yo. Ou mache dèyè yo pye pou pye, ou fè tout vye bagay derespèktan yo fè. **Men, nan tou sa ou fè yo, ou fè pi mal pase yo.** Se poutèt sa, jan nou konnen mwen vivan vre a, men sa mwen menm, Seyè sèl Mèt la, m'ap di ou: **Sè ou la, lavil Sodòm ansanm ak tout ti bouk ki sou kont li yo, yo pa t' janm rive fè tou sa ou menm lavil Jerizalèm, ou te fè ansanm ak tout ti bouk ki sou kont ou yo. Kisa lavil Sodòm te fè konsa? Li t'ap gonfle lestonmak li sou moun, paske li te gen kont manje pou l' manje. Yo t'ap viv kè pòpòz san pwoblèm. Men, yo pa janm lonje men bay pòv malere ak moun ki nan nesèsite. Yo kite lògèy vire lòlòj yo, yo fè tèt di, yo fè bagay yo konnen mwen pa vle wè moun fè. Se poutèt sa mwen disparèt yo, jan ou konnen l' lan. »***

Nou wè ke Bondye pat detwi Sodòm pou sèlman yon peche, men se te diferan peche ke yo tap fè. Pasaj la di ke pèp Izrayèl la fè pi mal pase moun lavil Sodòm yo. Pandan ke wap choute sou moun kap fè adiltè, sa ki pi enpòtan, se ki peche ke ou menm, ou genyen nan lavi ou. Eske se rayi moun osinon pale moun mal osinon pran sak pa pou ou. Eske ou gen lanvi nan kè ou? Lè Bondye beni yon moun ak yon bagay epi ou fè jalouzi, ou rayi moun nan poutèt sa. Pou fini, nan **Levitik 18:22**, nou li:

« Piga yon gason kouche yon lòt gason tankou yo kouche yon fanm: Se bagay Bondye pi pa vle wè. »

« Tu ne coucheras point avec un homme comme on couche avec une femme. C'est une abomination. »

Konsekans peche ak dèt peche pa menm!

Tout peche pa genyen menm konsekans; yon peche gen dwa genyen pi gwo konsekans pase yon lòt, men sa pa vle di youn pi piti osinon pi gwo ke yon lòt. Lete pap mete yon moun nan prizon paske li joure yon lòt moun, men leta ap mete yon moun ki touye yon lòt moun nan prizon. Jezi menm di ni moun ki ankolè sou frè li ta dwe jije menm jan ak yon moun ki touye moun.

Nou bezwen fè diferans ant dèt peche ak konsekans peche. Dèt peche se Jezi sèlman ki kapab peye pou li, men konsekans peche kapab tonbe sou anpil lòt moun. Si yon moun genyen yon dèt epi li peye osinon yon lòt moun peye pou li, moun sa a lib; li pa reskonsab okenn dèt ankò, men konsekans lan pa menm jan an.

An nou pran egzanp yon moun ki touye yon lòt moun. Pou dèt peche sa a sòti sou moun nan, se padon pou moun sa a jwenn nan men Bondye; sèl jan pou yon moun jwenn padon nan men Bondye, se nan san Jezi a, moun nan bezwen asepte Jezi kòm sovè li. Si moun sa a asepte Jezi, li jwenn padon, dèt peche a sòti sou li paske Jezi te gen tan peye pou peche a sou la kwa.

Poutan, anpil moun kapab sibi konsekans peche sa a. Moun ki touye moun nan gen dwa pase anpil tan nan prizon kòm konsekans. Fanmi moun sa a pap genyen chans pou wè li nenpòt ki lè yo vle kò konsekans. Fanmi moun ki mouri an pap wè moun sa a ankò kòm konsekans. Si moun sa yo te reskonsab yon fanmi, fanmi sa a gen dwa rive pa genyen de kwa pou viv kòm konsekans. Piti moun sa yo kapab tonbe nan fè move zak kòm konsekans. Bondye gen dwa padone peche ou, men sa pa vle di ke ou pap peye konsekans peche a.

Nou jwenn ke aprè pèp Izrayèl te peche epi Moyiz te ale devan Bondye pou mande padon pou yo. Bondye di:

« Se mwen menm ki Seyè a, mwen pa an kòlè fasil, mwen p'ap janm sispann renmen nou. M'ap toujou padonnen sa nou fè ki mal ak sa nou te dwe fè nou pa fè. Men, mwen pa nan kase fèy kouvri sa ak pesonn. Si yon moun fè yon bagay mal, m'ap pini pitit li, pitit pitit li, ak pitit pitit pitit li yo pou sa li fè a, jouk sou twazyèm ak katyèm jenerasyon.

Tanpri, jan ou gen bon kè sa a, padonnen sa pèp la fè ki mal la, menm jan ou te pran pasyans ak yo depi yo kite peyi Lejip jouk yo rive isit la.

Seyè a di: -M'ap padonnen yo, jan ou mande m' lan. Men, menm jan ou wè mwen vivan an, menm jan ou wè pouvwa mwen toupatou sou latè, okenn nan moun sa yo p'ap rive viv lontan ase pou yo antre nan peyi a. Yo te wè pouvwa mwen, yo te wè tout bèl bagay mwen te fè nan peyi Lejip ak nan dezè a. Men anpil fwa deja, yo chache wè jouk ki bò mwen ye ak yo, yo pa janm vle koute m' lè m' pale ak yo. Yo p'ap menm wè peyi mwen te sèman mwen t'ap bay zansèt yo a. Yo tout ki vire do ban mwen yo, yo yonn p'ap wè peyi a.» (Resansman 14:18)

******« 4 Piga nou janm fè ankenn estati ni ankenn pòtre ki sanble bagay ki anwo nan syèl la, osinon bagay ki sou latè ou ankò nan dlo anba tè a. Piga nou*

adore yo, ni piga nou sèvi yo. Paske mwen menm, Seyè a, Bondye nou an, mwen se yon Bondye ki fè jalouzi. Lè yon moun rayi m', mwen fè pitit li, pitit pitit li ak pitit pitit pitit li yo peye sa. Men, lè yon moun renmen m', lè li fè sa m' mande l' fè, m'ap moutre l' jan mwen renmen l' tou ansanm ak tout pitit pitit li yo pandan mil jenerasyon.» (Egzòd 20: 4–6) ; (Deteronòm 5:8-10) ; (Deteronòm 7:9)

« N'a mande nan kè nou: Poukisa yon pitit pa peye pou peche papa li te fè a? Men repons la. Se paske pitit la te mache dwat devan Bondye, li fè sa li te dwe fè. Li mache sou lòd mwen bay, li fè tou sa mwen mande pou moun fè, kifè l'ap viv.

*²⁰ Moun ki fè peche, se yo k'ap mouri. Yon pitit p'ap peye pou peche papa l' te fè, ni yon papa p'ap peye pou peche pitit li fè. Moun ki mache dwat va jwenn rekonpans pou dwat yo te mache dwat la. Mechan an va peye pou mechanste li fè a.» (Ezekyèl 18:19-20)******

Li pa peche, men pa fè li!

Genyen bagay ki gen dwa pa peche, men pou yon lòt moun ki kwè ke se peche ke li ye, ou pa dwe fè li pou ou pa deranje konsyans moun nan. Nou jwenn ke Pòl te fè esperyans sa a nan zafè manje vyann ke yo te sakrifè bay zidòl. Nan **1 Korent 8: 1 a 13**, nou li:

« Ann wè koulye a keksyon vyann bèt yo ofri bay zidòl. Se vre: nou tout nou gen konesans, jan nou di a. Sèlman, konesans fè moun gonfle ak lògèy. Men, se renmen ki pou fè nou grandi nan konfyans nan Kris la tout bon. Moun ki mete nan tèt li li konn kichòy, li poko konnen jan l' dwe konnen an. Men, moun ki renmen Bondye, Bondye konnen li. Bon, men keksyon an: èske nou ka manje vyann bèt yo ofri bay zidòl? Nou konnen byen pwòp zidòl yo pa reprezante anyen ki vre sou latè. Se yon sèl Bondye a ki genyen. Nou te mèt tande gen lòt swadizan bondye nan syèl la ak sou latè a (sa pa manke: gen anpil bagay ki pase pou bondye, gen anpil yo rele mèt vre), pou nou menm, se yon sèl Bondye a ki genyen: se Papa a ki kreye tout bagay epi se pou li n'ap viv. Pou nou menm, se yon sèl Mèt ki genyen: se Jezikri, se nan li tout bagay soti, se li k'ap fè nou viv tou.

Men, se pa tout moun ki gen konesans sa a. Gen moun ki te sitèlman abitye ak zidòl yo, jouk koulye a, lè y'ap manje yon vyann, yo konprann se vyann bèt ki te ofri bay zidòl y'ap manje. Konsyans yo fèb. Yo santi yo mete tèt yo nan kondisyon yo pa ka sèvi Bondye ak manje a. Men, manje pa ka fè nou vin pi pre Bondye. Nou pa pèdi anyen lè nou pa manje yon kalite manje, ni nou pa genyen anyen lè nou manje yon lòt kalite. Men, fè atansyon pou jan nou santi nou lib fè sa nou vle a sa pa fè yon lòt frè ki fèb nan konfyans li tonbe nan peche.

Si yon moun ki gen konsyans li fèb wè ou, ou menm ki gen konesans, ap manje nan yon kay zidòl, sa ka ankouraje l' pou l' manje vyann bèt yo ofri bay zidòl. Nonm sa a ki fèb nan konfyans li a, Kris la te mouri pou sove l' tou, men li va peri akòz konesans ou a. Lè sa a, se pa sèlman kont frè ou yo ou fè peche, se pa sèlman konsyans yo ki fèb ou blese, men se kont Kris la menm ou fè peche. Pase pou yon manje fè frè m' tonbe nan peche, mwen pito pa janm manje vyann ankò pou m' pa fè frè m' tonbe nan peche. »

Nou menm kounye a, sa depann nan ki peyi osinon kilti ke nap viv la; yon peyi osinon yon zòn gen dwa genyen pwoblèm ak yon bagay epi yon lòt kote pa genyen pwoblèm avèk sa. A tout ke Bib la pa genyen pwoblèm avèk bagay la, men poutèt pou ou pa deranje konsyans moun nan zòn nan, ou oblije swiv prensip yo a. Yon bagay ki gen dwa pa anyen pou yon zòn osinon yon kilti men ki gen dwa yon gwo bagay nan yon lòt.

Pa egzanp, nan peyi Lachin, ou pa gen dwa fè yon moun kado yon chapo ki genyen koulè vèt paske sa se senbòl pwostitisyon, moun movèz vi. Ou pa gen dwa tou fè yon moun kado yon revèy, sa vle di lanmò. Genyen yon fwi ki sanble ak yon pòm ki rele pwa (pear), ou pa kapab separe li ak yon lòt moun osinon bay yon moun yon mòso. Si ou bay de (2) moun marye youn nan fwi sa a, sa vle di ou vle separasyon nan mitan yo.

.....

Genyen anpil bagay nan mitan kretyen peyi dayiti yo ki gen dwa pa bon nan yon zòn, men yon lòt zòn gen dwa pa genyen pwoblèm ak sa. Nou jwenn: fi ki pase cheve yo, fi ki mete pèmanant, fi ki mete fo cheve, fi ki mete pantalon, moun ki mete bijou, moun ki genyen tatou sou kò yo, etc....

Anpil fwa moun ki kont swa youn osinon tout bagay sa yo pa kapab ba ou yon rezon bibliik ki fè ke bagay sa yo pa bon. Pòl ekri kretyen Korent yo, li di yo:

« Nou gen dwa fè nenpòt bagay. Se sa yo di, epi se vre. Men, tout bagay pa bon pou fèt. Nou gen dwa fè tout bagay, men se pa tout bagay k'ap fè nou grandi nan konfyans nan Bondye. Piga pesonn chache sa ki bon pou tèt pa l' ase. Se pou l' chache enterè lòt yo tou. Nou lib manje tou sa yo vann nan mache vyann san nou pa bezwen mande anyen. Konsa, konsyans nou p'ap twouble. Paske, jan sa ekri nan Liv la: Se pou Mèt la tè a ye ansanm ak tou sa ki ladan l'.

Si yon moun ki pa gen konfyans nan Kris la envite nou nan yon fèt, si nou asepte ale, se pou n' manje tou sa yo mete devan nou, san nou pa bezwen mande anyen. Konsa, konsyans pesonn p'ap twouble. Men, si yon moun di nou vyann sa a se vyann bèt yo te ofri bay zidòl, lè sa a, pa goute l' poutèt moun ki fè ou remake la, pou konsyans pesonn pa boulyè. Mwen pa di sa pou konsyans pa nou non, men pou konsyans lòt moun lan. Men, yon moun va mande m': Ki jan konsyans yon lòt moun ka sèvi m' antrav nan sa m' gen dwa fè?

Si mwen di Bondye mèsè pou sa m'ap manje a, ki jan pou yo ta ka pale m' mal pou yon manje konsa? Se sak fè, kit n'ap manje, kit n'ap bwè, nenpòt kisa n'ap fè, fè l' pou sa sèvi yon lwanj pou Bondye. Se pou nou viv yon jan pou nou pa bay ni jwif yo, ni moun ki pa jwif yo, ni legliz Bondye a okazyon tonbe nan peche. Se pou nou fè tankou m': nan tou sa m'ap fè, m'ap fè mwayen posib pou m' fè tout moun plezi; mwen p'ap chache avantaj pa m', men avantaj tout moun, pou tout moun ka sove. »
(1Korent 10:23-33)

Pwen ke Pòl te vle fè, sè ke se pa kesyon de èske se peche ke bagay la ye, men se fè posib ou pou ou pa deranje moun ki fèb nan lafwa osinon konfyans yo.

« Se pou n' resevwa moun ki fèb nan konfyans yo byen san nou pa bezwen diskite opinyon yo genyen. Men yon egzanp: Gen moun ki kwè li kapab manje tout bagay;

gen lòt ki fèb nan konfyans yo epi ki manje legim ase. Moun ki manje tout manje pa fèt pou meprize moun ki pa manje tout manje. Konsa tou, moun ki pa manje tout manje pa fèt pou jije moun ki manje tout manje, paske Bondye asepte ni yonn ni lòt jan yo ye a. Ki moun ou ye konsa pou w'ap jije domestik lòt moun? Kit domestik la kenbe fèm nan sèvis la, kit li tonbe, sa se zafè ki gade mèt li ase. Men, pa pè, li gen pou l' kenbe fèm, paske Seyè a gen pouvwa pou l' soutni li.

M'ap pran yon lòt egzanp: Gen moun ki kwè gen jou ki pi konsekan pase lòt. Gen lòt ki di tout jou se menm. Se pou chak moun gen konviksyon pa yo. Moun ki kwè yon jou pi konsekan pase lòt, li fè sa pa respè pou Mèt la menm jan ak moun ki manje tout manje a, li fè sa pa respè pou Mèt la paske li di Bondye mèsi pou manje a. Moun ki pa manje tout manje a, li fè sa tou pa respè pou Mèt la, paske li menm tou, li di Bondye mèsi. Se konsa, pa gen yon sèl moun nan nou k'ap viv pou tèt pa li. Pa gen yonn nan nou tou k'ap mouri pou tèt pa li. Paske si n'ap viv, n'ap viv pou Seyè a, si n'ap mouri, n'ap mouri pou Seyè a tou. Konsa, kit nou vivan, kit nou mouri, se pou Seyè a nou ye. Paske, Kris la te mouri, apre sa li leve soti vivan ankò pou l' te kapab Mèt tout moun, ni moun vivan yo ni moun mouri yo.

Men ou menm, pouki pou w'ap jije frè ou konsa? Ou menm, pouki pou w'ap meprize frè ou konsa? Nou tout gen pou konparèt devan tribinal Bondye a. Paske men sa ki ekri nan Liv la: Mèt la di: Jan nou konnen mwen vivan an vre, konsa tou, tout moun gen pou mete ajenou devan mwen. Nan tout lang moun va pale byen fò pou rekonèt pouvwa Bondye. Se konsa, chak moun gen pou rann Bondye kont pou tèt pa yo.

Ann sispann yonn ap jije lòt. Pito nou pran desizyon pou n' pa fè anyen ki kapab fè frè nou bite osinon tonbe nan peche. Paske, mwen menm k'ap viv ansanm avèk Seyè Jezi a, mwen sèten pa gen anyen nan sa yo di ki pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye ki soti tou konsa nan men Bondye. Si yon moun kwè yon bagay pa bon pou moun k'ap sèvi Bondye, bagay la pa bon pou li paske li mete sa nan tèt li. Si ou fè frè ou lapenn pou tèt yon manje ou manje, ou pa gen renmen nan kè ou pou frè ou. Piga ou kite manje w'ap manje a lakòz yon frè pèdi sou kont ou, paske li menm Kris la te mouri pou l' te ka sove l' tou. Sa ki byen pou ou pa dwe yon okazyon pou fè yo pale ou mal.

Gouvènman Bondye ki wa a, se pa yon afè manje ak bwè, men se yon keksyon fè sa ki byen, viv ak kè poze ak kè kontan. Bagay sa yo, se Sentepri ki bay yo. Moun k'ap sèvi Kris la konsa, se yo ki fè Bondye plezi. Tout moun ap dakò ak sa. Se sak fè, ann toujou chache bagay ki kapab ede nou viv ak kè poze, bagay ki pou penmèt nou yonn soutni lòt nan konfyans nou nan Bondye. Piga kraze travay Bondye a poutèt yon keksyon manje. Nou ka manje tout manje, se vre. Men, sa pa bon pou nou manje kichòy ki ka lakòz yon frè tonbe nan peche. Sa ki byen an, se lè ou pa manje vyann, ni bwè diven, ni fè okenn lòt bagay ki kapab fè frè ou tonbe nan peche.

Sa ou kwè ou menm sou sa, gade l' pou tèt ou devan Bondye. benediksyon pou yon moun ki pa santi l' koupab lè l'ap fè sa li kwè li dwe fè. Men, moun ki gen doutans sou sa l'ap manje a, Bondye kondannen l' lè l' manje l', paske li aji san konviksyon.

Tout sa ou fè san konviksyon se peche.» (Women 14:1-23)

Peche nou yo deja padone!

Sa ki pi enpòtan, sè ke peche nou yo padone; sa vle di peche ke nou te fè ayè yo, peche ke nap fè jodi a, peche ke nap fè demen yo; yo tout padone. Peche nou yo padone paske Jezi te mouri sou kwa a, Li peye dèt peche nou yo avèk san li ki te koule. Men kisa Pyè di nan **Travay 10:43**

*« Tout pwofèt yo te di sa sou li: Nenpòt moun ki met konfyans yo nan Jezi va resevwa padon pou **tout peche yo** gremesi non sa a. »*

Pòl di nan **Travay 13:39**

*« Frè m' yo, nou fèt pou nou konn sa byen: Bondye voye Jezi fè nou konnen l'ap padonnen **tout peche nou yo**: tout moun ki mete konfyans yo nan Jezi, y'ap delivre anba tout peche lalwa Moyiz pa t' ka wete pou yo. »*

Nan **Efèz 1:6-8**, nou li:

« Se poutèt sa, ann toujou fè lwanj Bondye pou bèl favè sa a li fè nou kado, gremesi Pitit li renmen anpil la! Gremesi Kris ki mouri pou nou an, nou delivre, nou resevwa padon pou peche nou yo; Bondye fè nou wè jan li renmen nou anpil. Li ban nou favè l' an kantite, li ban nou tout kalite konprann ak konesans. »

Nan **Kolòs 1:13-14**, nou li:

« Li rache nou anba pouvwa fènwa a, li fè nou antre nan peyi kote Pitit li renmen anpil la wa. Se gremesi Pitit sa a nou delivre, nou resevwa padon pou peche nou yo. »

Genyen moun ki gen dwa panse ke si se konsa, yo te mèt lage kò yo nan fè peche, paske tout peche yo deja padone; sa se yon move panse. Nan **Women 5:20**, Pòl ekri:

« Lalwa antre nan koze a pou fè moun peche plis toujou. Men, kote moun fè plis peche a, se la favè Bondye a vide pi rèd sou yo. »

Pòl kontinye nan **Women 6:1-6** pou li di:

« Nan kondisyon sa a, kisa n'a di? Eske nou mèt kontinye ap viv toujou nan peche pou favè Bondye a ka vin pi plis toujou? Non. Sa pa ka fèt. Poukisa? Paske annegad peche nou mouri. Ki jan pou n' ta ka kontinye ap viv toujou nan peche? Eske nou pa konn sa: nou tout ki resevwa batèm pou n' te fè yonn ak Jezikri, avèk batèm sa a nou te fè yonn avè l' nan lanmò li. Se sak fè, avèk batèm nou an nou te antere ansanm avè l', nou te mouri ansanm avè l' tou. Men, menm jan Papa a te fè l' leve soti nan lanmò avèk gwo fòs pouvwa li, konsa tou nou menm nou ka mennen yon lòt lavi. Menm jan nou fè yonn ak li paske nou te mouri yon jan tankou li menm li te mouri a, konsa tou n'a fè yonn avè li, paske n'a leve soti vivan nan lanmò tankou l' tou. Nou konn sa byen: vye moun nou te ye anvan an, sa mouri avèk Kris la sou kwa a. Konsa, sa nou gen nan kò nou ki te konn fè nou fè peche a fini. Nou pa esklav peche ankò. »

Kretyen an pa esklav peche; peche pa genyen kontwòl sou lavi kretyen an ankò. Konsa tou, sa pa

vle di ke kretyen an pap peche. Li enposib pou yon moun ap viv sou latè pou ou pa peche. Jan ekri:

« Si nou di nou pa gen peche, se tèt nou n'ap twonpe. Verite a pa nan nou. Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè sak gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal. Men, si nou di nou pa t' fè peche, nou fè Bondye pase pou mantò: Pawòl li pa nan kè nou. » (1 Jan 1:8-10)

Jan kontinye nan dezyèm chapit la pou li di:

« Pitit mwen yo, m'ap ekri nou lèt sa a pou nou pa fè peche. Men, si yon moun rive fè peche, nou gen yon avoka k'ap plede pou nou bò kot Papa a: Se Jezikri, moun ki te mache dwat devan Bondye a. Paske, Jezikri te ofri tèt li tankou bèt yo ofri bay Bondye, pou Bondye te ka padonnen peche nou yo, pa peche pa nou yo ase, men peche tout moun tou. » (1 Jan 2:1-2)

Kondane peche, pa kondane pechè a!

Lè ke nou rankontre yon sitiyasyon kote ke yon moun komèt yon peche, antan ke kretyen, kouman nou dwe reyaji? Eske nou ta sipoze pote jijman osinon bay vag sou sa ki fèt la? nou ta gen dwa poze tèt nou kesyon sa a: « Kisa Jezi tap fè nan sitiyasyon sa a? »

Nan **Jan 8:1-5**, nou li:

« Jezi menm ale mòn Oliv. Nan denmen maten, byen bonè, li tounen nan tanp lan. Tout foul moun yo pwoche bò kote li. Li chita, li pran moutre yo anpil bagay. Dirèktè lalwa yo ak farizyen yo mennen yon fanm ba li. Yo te bare fanm lan nan adiltè. Yo mete l' kanpe devan tout foul moun yo, epi yo di Jezi konsa: Mèt, yo kenbe fanm sa a nan men ap fè adiltè. Moyiz te bay lòd nan lalwa a pou yo touye yo lè konsa ak kout wòch. Men, ou menm, kisa ou di nan sa? »

Nou jwenn ke yo te prezante Jezi ak yon sitiyasyon; yo mennen devan Jezi yon fanm ke yo te kenbe nan adiltè. Direktè lalwa yo ak farizyen yo fè Jezi konnen ke dapre sa ki ekri nan lalwa Moyiz la, se pou yo lapide fanm lan. Epi, yo mande Jezi kisa li di nan koze sa a. Pou tout moun ki konnen relasyon Jezi ak mesye sa yo, ou kapab mande tèt ou poukisa ke yo te prezante ka sa a bay Jezi. Mesye sa yo pat vle wè Jezi; yo konnen byen kisa lalwa mande pou yo fè; poukisa yo te oblije mennen fanm nan devan Jezi. Nou jwenn repons lan nan vèsè 6a ki di:

« Yo t'ap di sa, paske yo te vle pran l' nan pèlen pou yo te ka akize li. »

Se te yon pyèj ke yo te tann pou Jezi. Si Jezi di pou yo lage fanm lan, pou yo pa touye li, yap di ke Jezi te dezobeyi ak sa lalwa te mande yo pou yo fè. Konsa tou, si Jezi di pou yo touye fanm nan, pita, yo gen dwa di ke Jezi te fè touye fanm nan san okenn prèv. Pa bliye sa ke nou li nan Levitik 20:10:

« Depi yon nonm fè adiltè ak madanm yon frè parèy li, se pou yo touye yo, ni li ni madanm lan. »

Yo mennen fanm lan, men fanm lan pt kapab fè adiltè a pou kont li. Nou kontinye li:

« Men, Jezi bese atè. Epi, avèk dwèt li, li kòmanse ekri atè a. Men, moun yo t'ap

*kouvri l' ak keksyon. Jezi leve atè a, li di yo: **Se pou moun ki konnen li pa janm peche a ba l' premye kout wòch la.** Apre sa, li bese atè a yon dezyèm fwa, li pran ekri ankò. Lè yo tandè pawòl sa yo, yonn apre lòt y' al fè wout yo. Premye moun ki te mete deyò se te sak te pi granmoun yo. Jezi rete pou kont li ak fanm lan ki te kanpe devan l'. Lè sa a, li leve, li di fanm lan: Madanm, kote moun yo? Pesonn pa kondannen ou? Li reponn: Pesonn non, Mèt. Jezi di li: **Mwen menm tou, mwen pa kondannen ou. Ou mèt ale. Men, pa janm fè peche ankò.** » (Jan 8:6b-11)*

Yon bagay ki enpòtan pou nou reyalize nan pasaj sa a, se ke moun ki pat kalifye pou voye wòch to te vle voye wòch; sèl moun ki te kalifye pou voye wòch la pat enterese ak voye wòch la. Se sèlman Jezi ki pat janm peche ki te kalifye pou kondane fanm lan, men li pat fè sa.

Mesye farizyen yo te nan biznis voye wòch, men Jezi te nan biznis fè moun gras. Nan ki biznis ou ye ou menm? Eske ou toujou pare pou ou kondane moun osinon ou pare pou ou fè moun wè gras Bondye nan jan ou reyaji nan sitiyasyon kote ke ou rankontre ak yon moun ke yo kenbe nan yon peche?

Jezi pat sèlman di fanm lan ke li menm tou li pat kondannen li, men Jezi te kontinye pou te di li: ale, men pa peche ankò. Jezi pat aji kòm si peche pa anyen paske Bondye rayi peche men Li renmen pechè a.

Samis lan ekri:

« Si ou t'ap make tout zak nou fè, Seyè, ki moun ki ta ka leve tèt devan ou? Men, ou padonnen nou, pou n' ka respekte ou. » (Som 130:3-4)

5

Kilès Jezi di ke li ye ?

Jezi se limyè

Nan liv Ezayi a, nou jwenn anpil anpil pwofesi ki fèt sou Jezi. Youn ladan yo di:

« Te gen yon lè, peyi fanmi Zabilon yo ak peyi fanmi Neftali yo t'ap drive nan labou. Men pita, va rive yon lè tout rejyon an, pran depi lanmè Meditèrane rive bò larivyè Jouden, moute peyi Galile kote moun lòt nasyon yo rete a, tout rejyon an va kanpe ankò. Pèp ki t'ap mache nan fènwa a wè yon gwo limyè. Yo te rete nan yon peyi kouvri ak fènwa. Men, koulye a yon limyè vin klere yo! » (Ezayi 9:1-2)

An nou gade kisa Matye te ekri:

*« Lè Jezi tande yo te mete Jan Batis nan prizon, li wete kò l', li ale nan peyi Galile. Li kite lavil Nazarèt, li ale rete nan yon vil yo rele Kapènawòm, ki te toupre lanmè Galile a, sou tè moun Zabilon ak moun Neftali yo. Konsa, pawòl pwofèt Ezayi te di a rive vre: **Peyi Zabilon ak peyi Neftali ki sou wout pou ale bò lanmè a, peyi ki lòt bò larivyè Jouden an, peyi Galile kote moun lòt nasyon yo ap viv la, pèp ki t'ap viv nan fènwa a wè yon gwo limyè. Limyè a klere pou moun ki t'ap viv nan peyi ki anba lonbraj lanmò a. Depi lè sa a, Jezi kòmanse ap mache bay mesaj li a. Li t'ap di: Tounen vin jwenn Bondye. Paske, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men li. » (Matye 4:12-17)***

Nou wè ke depi anvan Jezi te vin sou latè, Ezayi te prezante Jezi kòm yon limyè. Matye montre ke se de Jezi menm ke Ezayi tap pale a. Jezi li menm te deklare ke li se limyè a.

*« Jezi pale ankò ak foul moun yo, li di: **Se mwen menm ki limyè k'ap klere tout moun ki sou latè. Moun ki swiv mwen va gen limyè ki bay lavi a. Yo p'ap janm mache nan fènwa. » (Jan 8:12)***

Nan Jan 12, nou li:

*« Foul moun yo reponn li: Nan Liv lalwa nou an, nou wè Kris la gen pou l' viv pou tout tan. Ki jan ou ka di se pou yo leve Moun Bondye voye nan lachè a anlè? Kilès ki Moun Bondye voye nan lachè a? Jezi reponn yo: Nou gen **limyè a la avè nou, men pa pou lontan. Mache pandan nou gen limyè a pou fènwa pa bare nou. Moun k'ap mache nan fènwa pa konnen kote l' prale. Mete konfyans nou nan limyè a pandan nou genyen l' lan, pou nou kapab moun limyè a. Apre li fin di yo pawòl sa yo, Jezi wete kò l', li al kache byen lwen. » (Jan 12:34-36)***

Jezi se te limyè sou tout latè a pandan ke li tap viv sou tè a, men Jezi pat vini pou li te rete sou latè nèt. Se sak fè li di ke nou genyen limyè a la avè nou, men pa pou lontan. Aprè Jezi te monte al jwenn Papa li, kilès ki limyè sou late a? kilès ki ranplase Jezi antan ke limyè?

Nan liv matye a, Jezi di:

« Se limyè nou ye pou moun sou latè. Moun pa kapab kache yon lavil ki bati sou yon mòn. Ni yo pa limen yon lanp pou mete l' anba yon mamit. Men, yo mete l' sou yon etajè, pou l' klere pou tout moun ki nan kay la. Konsa tou, se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n'ap fè yo, y'a fè lwanj Papa nou ki nan syèl la. » (Matye 5:14-16)

Jezi fè disip li yo konnen ke se limyè ke yo ye; tout moun kap swiv Jezi se limyè ke yo ye. Si nou ta pran egzanp sou solèy la ak lalin lan; ni solèy la, ni lalin nan klere; youn klere pandan lajounen, youn klere pandan lannwit, men yo pa klere menm jan. Solèy la tankou yon gwo boul dife ki genyen pouvwa pou li klere avèk fòs pa li. Lalin nan klere, men li pa kapab klere avèk fòs osinon abilite pa li. Limyè ke lalin nan bay la se reflè limyè solèy la ke li bay. Si solèy la pat la, nou menm ki sou latè pa tap janm wè lalin nan. Sak fè nou kapab wè lalin nan, se paske solèy la klere sou lalin nan epi lalin nan menm voye reflè limyè solèy la tankou yon miwa (yon glas).

Menm jan solèy la bay limyè ak pouvwa pa li, se konsa Jezi se yon limyè ak pouvwa pa li. Menm jan lalin nan pa genyen pouvwa pou li klere pou tèt pa li, men li voye reflè limyè solèy la, se menm jan an tou, kretyen an pa genyen pouvwa pou li klere ak fòs pa li, se ak reflè limyè Jezi a ke li klere.

Kouman yon limyè kapab vin pa itil

Jezi di konsa:

« Pesonn pa limen yon lanp pou l' kouvri l' anba yon mamit, osinon pou l' mete l' anba yon kabann. Li mete l' sou yon etajè. Konsa, moun k'ap antre yo kapab wè limyè a. » (Lik 8:16)

Si ou limen yon limyè epi ou sere li anba yon mamit osinon anba kabann, limyè sa a pa itil paske moun pa wè li. Lè yon kretyen ap fè move bagay, li pa bay opòtinite pou limyè li a klere. Si ou toujou tou prè pou ou joure moun nan mache a osinon nan vwazinaj lan, wap anpeche moun wè Jezi nan ou menm. Ou bezwen viv yon jan pou Bondye jwenn glwa nan jan ke ou viv la.

An nou fè yon ti refleksyon!

Si yon kote deja klere, èske kote sa a bezwen limyè? Pa egzanp, èske ou bezwen limen yon lanp pou ou klere chemen a de zè de laprèmidi (2:00 pm)?

NON! Yon lanp pa itil anyen si pa genyen fè nwa. Se menm jan an tou, limyè ki nan kretyen se pa pou andedan legliz la ke li enpòtan, men se nan mitan moun ki poko konnen Jezi yo, nan mitan moun ki nan fè nwa yo, se la ki bezwen limyè.

Jezi pat sove nou pou li te separe nou de moun kap viv nan lemond, men li voye nou nan lemond pou ou sèvi kòm temwen pou li nan lemond. Nou jwenn nan liv Jan kote Jezi tap priye pou disip yo apre li te priye pou nou menm ki te genyen pou asepte li, li te di:

« Mwen pa nan lemond lan ankò. Men yo menm, yo nan lemond lan toujou. Mwen menm, m'ap vin jwenn ou. Papa, ou menm ki apa, pwoteje yo pa pouvwa non ou, menm non ou te ban mwen an, pou yo ka fè yon sèl menm jan ou fè yon sèl avèk

*mwen. Pandan m' te la avèk yo, mwen te pwoteje yo ak pouvwa non ou, menm non ou te ban mwen an. Mwen te pwoteje yo: yo yonn pa t' pèdi, esepite nonm ki pou te pèdi a, pou sa ki te ekri nan Liv la rive vre. Koulye a, m'ap vin jwenn ou. M'ap pale konsa pandan m' sou latè a, pou jan kè m' kontan an se konsa pou kè yo ka kontan tou nèt ale. Mwen te ba yo pawòl ou; lemonn rayi yo paske yo menm yo pa moun lemonn, menm jan mwen menm mwen pa moun lemonn. **Mwen pa mande ou pou wete yo nan lemonn lan**, men pou ou pwoteje yo anba Satan. Yo pa moun lemonn, menm jan mwen pa moun lemonn. Fè yo viv pou ou nèt gremesi verite a. Pawòl ou se verite a. Mwen voye yo nan lemonn lan menm jan ou te voye m' nan lemonn lan. Se pou yo m'ap viv jan ou vle l' la, pou yo menm tou yo ka viv jan ou vle l' la, gremesi verite a.*

*Se pa pou yo sèlman m'ap lapriyè, men pou tout moun ki va mete konfyans yo nan mwen lè y'a tande mesaj la. M'ap lapriyè pou yo tout fè yon sèl. Papa, se pou yo tout fè yonn ansanm ak nou, menm jan ou menm ou nan mwen, mwen menm mwen nan ou. Se pou yo tout fè yon sèl **pou moun ki nan lemonn yo ka kwè se ou ki te voye mwen**. Mwen te ba yo menm pouvwa ou te ban mwen an, pou yo tout te ka fè yonn menm jan ou fè yon sèl avè m' tou: mwen nan yo, ou nan mwen, pou yo tout fè yon sèl nèt ale, **pou moun ki nan lemonn yo ka rive rekonèt se ou ki te voye m'**, pou yo ka rive konnen ou renmen yo menm jan ou renmen m' lan.» (Jan 17:11-23)*

Jezi se sèl chemen an

« Jezi di yo: Pa kite bagay sa yo toumante nou. Mete konfyans nou nan Bondye, mete konfyans nou nan mwen tou. Lakay Papa a gen anpil kote pou moun rete. Mwen pral pare plas pou nou. Si se pa t' vre, mwen pa ta di nou sa. Lè m'a fin pare plas la pou nou, m'a tounen vin chache nou. Konsa, kote m'a ye a, se la n'a ye tou.

Nou konnen chemen ki mennen kote m' prale a. Toma di li: Seyè, nou pa konnen kote ou prale a. Ki jan ou ta vle pou nou konnen chemen pou n' pran an? Jezi reponn li: Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pesonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen.» (Jan 14:1-6)

Si nou kòmanse li nan Jan 13, nap wè ke Jezi te fè mesye yo konnen ke genyen youn nan mitan yo ki pwal trayi li; li pap avèk yo pou lontan, li genyen pou li ale. Nan chapit 14 la, Jezi mande mesye yo pou yo pa kite kè yo twouble; pou yo mete konfyans yo nan li ak nan Bondye.

Jezi kontinye pou li di yo ke kote li prale a, genyen anpil plas e li prale pare yon plas pou yo; epi kote li ye a, se la ke yo va ye tou. Toma vini ak yon gwo pwen. Si Jezi pral pare yon plas pou yo epi pou yo vin jwenn li, genyen de bagay ke yo bezwen konnen. Premyèman, fòk yo konnen kote plas la ye a. Dezyèmman, fòk yo konnen ki wout pou yo fè pou yo rive kote a. Se sak fè Toma di konsa:

« Seyè, nou pa konnen kote ou prale a. Ki jan ou ta vle pou nou konnen chemen pou n' pran an? »

Nan pasaj la, Jezi bay repons lan. Plas ke yo prale a se kote Bondye ye a. Se kote sa a ke anpil moun ta renmen ale men se pa tout moun kap rive kote sa a. Rezon ki fè ke yo pa jamè rive nan plas sa a, se paske yo pa konnen chemen ki pou mennen yo kote sa a. **Jezi di ke se li menm menm ki chemen an. Pèsonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan Jezi.**

Genyen anpil moun ki panse ke se bon moun kap rive nan plas sa a, men malerezman, yo nan yon move chemen. Genyen lòt ki panse ke swiv kòmmanman yo ap fè yo rive kote Bondye ye a, moun sa yo tou nan move chemen an. Anpil moun tou mete nan tèt yo ke se relijyon kap mennen yo kote Bondye ye a, tout moun sa yo nan lerè.

Genyen anpil relijyon nan monn lan. Se sèlman yon ka, sa vle di 25 pousan nan moun kap viv sou tè a ki di ke se kretyen ke yo ye; sa pa vle di ke se kretyen ke yo ye vre. Nan rechèch ki fèt, yo jwenn ke mwatye nan moun nan Etazini ki di ke se kretyen ke yo ye di ke genyen anpil wout ki mennen ou kote Bondye ye a, swiv Jezi se youn ladan yo.

Jezi li menm di ke pa genyen pèsonn ki ka al jwenn Papa a si li pa pase nan li menm. Si genyen lòt chemen, sa vle di ke Jezi te bay manti. Nou konnen byen ke Jezi pa kapab bay manti; sa vle di ke tout moun sa yo nan manti.

Jezi se pòt la

« *Jezi di yo ankò: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: **Mwen se pòt pak mouton yo. Tout moun ki te vin anvan m' yo, se yon bann vòlè ak piyajè yo te ye. Men, mouton yo pa t' koute yo. Se mwen menm ki pòt la. Moun ki pase nan mwen pou antre, la sove. La antre, la soti, la jwenn manje pou l' manje.***

Lè vòlè a vini, se vòlè li vin vòlò, se touye li vin touye, se detwi li vin detwi, se sa ase li vin fè. Mwen m

enm, mwen vin pou moun ka gen lavi, epi pou yo genyen l' an kantite. » (Jan 10:7-10)

Jezi se bon bèje a

« *Se mwen menm ki bon gadò mouton yo. Bon gadò a ap bay lavi l' pou mouton l' yo. Yon nonm k'ap fè yon djòb, se pa yon gadò li ye. Mouton yo pa pou li. Lè l' wè bèt nan bwa ap vini, li kouri kite mouton yo, li met deyò. Lèkonsa, bèt nan bwa a pran mouton yo pote ale, li gaye yo. Nonm lan met deyò paske se yon djòb l'ap fè. Ki mele l' ak mouton yo?*

*Mwen menm, mwen se gadò mouton yo. Papa a konnen m', mwen konn Papa a. Konsa tou, mwen konnen mouton m' yo. Yo menm tou yo konnen mwen. **Mwen gen anpil lòt mouton ki pa nan pak sa a. Mwen gen pou m' mennen yo tou. Y'a tandè vwa mwen. Lè sa a, va gen yon sèl bann mouton ak yon sèl gadò. Papa a renmen m', paske m'ap bay lavi m' pou m' ka resevwa l' ankò. Pesonn pa ka wete lavi m', se mwen menm ki bay li paske mwen vle. Mwen gen pouvwa pou m' bay li, mwen gen***

pouvwa pou m' resevwa l' ankò. Se sa menm Papa a te ban m' lòd fè. » (Jan 10:11-18)

Jezi se _____

Vokabilè

Adorasyon:

Louranj:

Glorifye:

Sanktifikasyon:

Tabènak:

Tanp:

Sen:

Fèb nan lafwa (konfyans):

Antikris (Antechrist):

Lafwa (konfyans):

Pèp Izrayèl:

Legliz: